No. 16 — 17 April 1931 — Taoen 11.

# SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK.

Medal saben dinten Djoemoewah.

REGINIPOEN LENGGANAN SWARA-TAMA:

1 taoen . . . . f 6,—
½ „ . . . . . f 3.—
3 woelan . . . f 1,50
Kénging mbajar saben woelan
(njoewoen kabajar roemijin.)

RAGAD ADVERTENTIE:

1 katja . . . . . . . . . . . . f 36.—.
½ „ . . . . . . . . . . . . f 18,65.
¼ „ . . . . . . . . . . . . 9,75.
⅛ „ . . . . . . . . . . . . f 5,25.
Saladjengipoen: saben 1 cm$^2$ . . . f 0,03; sekedik-kedikipoen: f 1,50.
Kabar premili alit-alitan: f 1.—
Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:
A. DJAJASEPOETRA.
kabantoe
REDACTIE-COMMISSIE.

Adrèsipoen Redactie lan Administratie
IGNATIUS-COLLEGE
DJOKJAKARTA
Telefoon no. 795.

Drukkerij „Canisius." Djokja

## KABAR SAKING BETAWI.

*Raos mak sreg.*

Rama Sträter rawoeh wonten Betawi, ateges ngoregaken djagad-djagad Kth. Djawi ing Djajakarta.

ngGoemoenaken!

Prijantoen Walandi manti-manti mawi basa Djawi wonten ngamantja! Mranani manah! Kala saweg woelangan tangga koela linggih anggènipoen djèngkèng nggekeng, saking mantepipoen.

Sinten boten mantep, setaoen, kalih taoen, 12 taoen boten naté mireng woelangan Djawi,—djedoel, djeboel Rama Beekman, Kalidjaga toemrap agami Katoelik ing Djajakarta saged moeter taman Sriwedari—ndatengaken Rama Pastoor daking Djawi Tengah wonten masyaning tjempé$^{2}$nipoen ingkang soewaoe dipoensoesoni embok Djawi!

Mangké, mangké, mangké, riboet poenika wonten poenapa ta? Anoe, èr-ka-dé-bé oemoer setaoen! ateges Pasamoean Katoelik Djawi Djajakarta oemoer setaoen. Ojod Djawi Djajakarta horeg, manah Djawi kraos, soekma Djawi Katoelik kekidoengan! Setaoen ngelak toja-wening, sapoenika kelegan! Sinten boten seneng! Sinten boten gambira, sinten boten riboet. Goeroe-goeroe Melania pepoedjian galik-galik, para prijantoen kakoeng mirengaken. Rama Sträter ambawa, prijantoen kakoeng mangsoeli, goemrenggeng, oelem, semoea. Katoelik Djawi Djajakarta kerig lampit djaloe wanita, andap inggil, enèm-sepoeh, gapjak-amem medali.

Teka semanten!

Basa Djawi, Basa Djawi, toemama ing pamireng Djawi saged roemasoek, kandas pantog—doemoegi ing keketeging soekma-soetji.

Margi èr-ka-dé-bé oemoer setaoen, para warganipoen tampi woelangan 3 dinten pendak sonten, ladjeng. Minggoenipoen 12 April Mis lan pista-andrawina.

Poenika waoe sadaja mratjihnani taneman Pijandel Katoelik ing papan ngrikoe sampoen wiwit toekoel. Ingkang soewaoe pating slebar kerep boten kopèn, kirang teda siram lan raboekipoen, sapoenika kaklempakaken dados sapanta woedjoed patamanan adi.

Saénipoen kaklempakaken 3 dinten waoe déné sadaja saged katingal njamboet damel sareng, boten wonten ingkang katingal mangoemangoe nindakaken wadjibipoen. Ingkang poenika ingkang njerat poenika sanget matoer noewoen dateng sadaja kémawon, déné sampoen saged ngadani pakarjan kados makaten, langkoeng-langkoeng dateng Rama F. Sträter ingkang sampoen saged mangsoelaken raos Djawi dateng bang-kilèn, papaning tjempé-tjempé ingkang kerep kasingsal; ingkang andjalari saja ngijataken pijandelipoen Katoelik.

„Akoe boengah banget, déné akoe bisa noenggoni sadoeloerkoe Djawa ing kéné . . . ." makaten pangandikanipoen Rama waoe kala dinten woelangan ingkang kapisan, lan kita inggih boten kirang saking bingah!!

PATRICIUS.

**R. K. NORMAALSCHOOL MALANG.**

Kabikak béndjing tanggal 1 Djoeli 1931. Èksamenipoen kadawahaken tanggal 29-30 April 1931. Moerid-moerid tjalon kadadosaken sagrija, manoet tata tjaraning Gouvernement. Bajaranipoen f 2.50 (saringgit).

Directeur R. K. Normaalschool
„CARMELSTICHTING"
MALANG.

## — MANAWI DADOS WARGA RAAD KAWOELA. —

*angrembag:*

### BAJAR KOELA SOEDA.

Toewan Pangarsa!

Koela sampoen maos pratélan karsanipoen nagari anggènipoen badé nindakaken pangiridan. Koela sampoen maos bilih nagari kagoengan karsa ngirangi blandjanipoen para ambtenaar. Wiwit Juli kasoeda 5%, wiwit Djanoewari 10% . . . . . . Déné blandja sangandapipoen f 50 boten dipoenpoenapak-poenapakaken, poenika koela matoek sanget.

Toewan Pangarsa!

Biro Statistiek naté damel tjatetan bab betahipoen brajat Inlander kanggé gesang sadinten-dinten. Manoet „Mededeeling van het Centraal Kantoor voor de Statistiek" no. 46, taoen 1913—1926, kabetahanipoen brajat Inlander poenika kados ing ngandap poenika.

| Namaning tetedan | Betahipoen tijang 1000 ing dalem sadinten | Ratjakaning betahipoen tijang satoenggal ing dalem sadinten | Ratjakaning regi kanggé tijang sèwoe ing dalem sadinten |
|---|---|---|---|
| 1. Wos | 4,27 pikoel | 0,427 pikoel | f 51,325. |
| 2. Djagoeng | 1,67 „ | 0,167 „ | f 8,275. |
| 3. Kaspa | 5,95 „ | 0,595 „ | f 10,53. |
| 4. Wi, gembili tales (bataten) | 1,51 „ | 0,151 „ | f 2,77. |
| 5. Katjang tanah | 0,16 „ | 0,016 „ | f 2,145. |
| 6. Kedelé | 0,16 „ | 0,016 „ | f 1,675. |
| 7. Daging maèsa | 8 katos | 4,6 gram | f 4,10. |
| 8. Gerèh | 8,8 „ | 5,06 „ | f 2,795. |
| 9. Tigan ajam | 15 idji | 0,015 idji | f 0,64. |
| 10. Klapa | 130 idji | 0,13 idji | f 9,75. |
| 11. Lisah klentik | 2 katos | 1,25 gram | f 0,735. |
| 12. Sarem | 14 bata | 0,014 bata | f 1,12. |
| Goenggoeng betah tetedan 1—12 | | | f 95,86. |
| 13. Lisah patra | 2 blèk | | f 7,62. |
| 14. Rèk Djepang | 4 boengkoes | | f 0,93. |
| Goenggoeng dédé tetedan 13—14 | | | f 8,55. |
| Goenggoeng sadaja oetawi kirang langkoeng **f 0,105** sadinten tijang satoenggal. | | | f 104,41. |

Makaten, toewan Pangarsa, manoet pétanganipoen Biro waoe. Lan pétangan waoe, pétangan taoen 1926.

Manawi manoet pétangan poenika, dados betahipoen kaoem koelit tjoklat manis poenika ing dalem sawoelan namoeng kirang langkoeng tigang roepijah.

Sapoenika toewan Pangarsa, koela njoewoen pirsa, poenapa paréntah anggènipoen badé njoeda bajaripoen para poenggawanipoen poenika oegi mawi angèngeti wawaton pétangan kabetahanipoen poen Inlander saben dinten kados pétangan ing nginggil poenika? Poenapa regeering mawi anggalih: „Jah taksoedaa kaé ja ora apa-apa. Wong boetoehé Inlander koewi moeng saketip sadina!"

Manawi mawi wawaton poenika pantjèn inggih leres. „Bok ditjowoka 50% ta, rak ja ora nggrendjel. Awit, ing dalem sasasi moeng boetoeh teloeng roepijah. Nék oepama bajar f 55 dak soeda 50%, wong maoe rak ja isih doewé toerahan akèh banget. Saja nèk moeng disoeda 10% . . . wah énak-énoek . . ."

Nanging, poenapa wawaton waoe leres? Tijang ingkang nalar, mangertos, pétangan ing nginggil poenika pétangan poenapa. Mangka manoet katrangan ing boekoe waoe, kabetahan kados ingkang kaseboet ing nginggil poenika kabetahanipoen brajat Inlander ingkang normaal.

Nanging,..toewan Pangarsa,..tijang ingkang ragi nalar sakedik mesti boten nganggep dateng pétangan makaten. Sanadjan brajat normaal ingkang boten tjepeng damel kémawon, . . . . tjoba kapoerih ngoebetaken arta f 0,10 ing dalem sadinten. Poenapa saged? O, inggih nekak goeloe, toewan Pangarsa!

Manawi pétangan waoe katoemrapaken tijang batoeripoen nagari, . . . . ladjeng wewah arta kanggé njéwa grija. Kanggé toembas saboen koembahan. Kanggé njakolahaken anak, lss.

Poenapa toemindak? Mesti boten sanget poenika. Ambtenaar nagari, toewan Pangarsa! Ambtenaar ingkang dradjadipoen inggih kedah dipoenaosi ing regeering pijambak.

Ambtenaar nagari ratjak boten gadah grija pijambak, kedah njéwa. Mangka séwan poenika boten mirah. Toer regining teda ing papan ngrikoe boten mesti mirah kados ing nginggil.

Makaten, toewan Pangarsa, pitakèn koela!

* * *

Sapoenika, gantos ingkang koela atoeraken. Regeering badé njoeda bajar 5% — 10% toemrap blandja sanginggilipoen f 50.

Toewan Pangarsa! Tatanan makaten poenika saking pamanah koela kados kirang adil. Poenapa? Anggènipoen nagari anggebag ratjak sadaja blandja sanginggilipoen f 50 katjowok 10%. Sanadjan sami dédé sadasa presèn, nanging etjakipoen oetawi kadadosanipoen boten sami.

Tjoba koela atoeri manggalih.

Oepami kémawon blandja koela poenika f 55. Dipoentjowok sadasa persèn dados kantoen: f 55—f 5,40 = f 49,50.

Mitra koela toewan Djakop blandjanipoen f 1500. Dipoensoeda sadasa persèn tegesipoen soeda f 150.

Toewan Pangarsa! Soeda f 5,40 toemrap koela kalijan f 150 toemrap toewan Djakop, poenika awat ingkang koela, ingkang alit bajaripoen toer sangsara gesangipoen. O, . . . . poenika saèstoe, toewan Pangarsa! Manawi boten pitados pandjenengan kénging nggenahaken pijambak dateng batoer-batoeripoen regeering golongan klas embèk poenika. Tjobi pandjenengan dangoe, pandjenengan poendoet kasboek-ipoen. Mangké rak njata koela boten goroh. O, inggih kilap manawi anggènipoen tjomprang-tjamprèng waoe margi anggènipoen boten saged ngoebetaken arta, kados tjap ingkang kasoekakaken bangsa pandjenengan dateng bangsa koela. O, kilap manawi kabetahanipoen toewan Djakop langkoeng katah tinimbang koela; dados inggih sami mentijek."

A. S. D.

## LA POENIKA ADAKANIPOEN KOEWALON POENIKA.

Anoedjoe satoenggiling dinten M. Martodiardjo ketamoean sadèrèk. M. Marto djaler manggihi tamoenipoen. Anakipoen èstri nggodog wédang wonten ngèmpèr wétan. Sareng sampoen oemob wédang dipoenabeni lan dipoenilingi pisan. Boten antawis dangoe adinipoen Bawon ingkang nama Oejeg ngresahi anggènipoen damel wédang. Poen Oejeg dipoenèngetaken dateng mbakjoenipoen boten kénging, ladjeng dipoentotok. Poen Oejeg nangis mladjeng adoel-adoel dateng iboenipoen. Iboenipoen mrina, teroes dateng èmpèr wétan. Sareng doemoegi èmpèr wétan poen Bawon dipoendjèwèr kanti sengit. Sarèhning Bawon laré sampoen ageng anggènipoen nangis namoeng sentoek-sentoek kémawon, boten poeroen ngladosaken wédang.

Sareng sampoen sawatawis dangoe dèrèng wonten wédang loemados, M. Marto noewèni èmpèr wétan. Doemoegi ngrikoe soemerep poen Bawon nangis asentak-sentoek, koepingipoen abrit, ing batos sampoen mangertos dateng ingkang ngladaki, saoepami sampoen wonten tamoe bokmanawi simahipoen dipoenoedjar-oedjari saekal. M. Marto ngladjengaken anggènipoen manggihi tamoe.

Tamoe sareng ngertos dateng sawang liringing ingkang katamoean, ladjeng pamit mantoek. Sareng tamoe sampoen tebih M. Marto djaler teroes ngoedjar-oedjari dateng ingkang èstri, mrinani dateng anakipoen èstri poen Bawon. Radèn ngantèn Soerodarsono marasepoehipoen M. Marto, dados iboenipoen Radèn ngantèn Marto, moering-moering dateng mantoenipoen moerinani anakipoen èstri déné dipoenoedjar-oedjari dateng simahipoen.

Dados ing grija ngrikoe ramé prakawis tijang moerinani dateng anakipoen èstri. Poen Oejeg dipoenmoerinani iboenipoen, poen Bawon dipoenmoerinani déning bapakipoen, dèn ngantèn Marto dipoenmoerinani iboenipoen. Toedjoenipoen namoeng pedot samanten, saoepami wonten gandèngipoen malih, rak pandjang kados sepoer.

Anggènipoen saben-saben ramé poenika margi M. Marto waoe wajoeh, dados ing ngrikoe wonten koewalonipoen. Tjobi ingkang poendi ingkang koewalon.

La poenika gambaripoen tijang wajoeh, ngitjalaken katentreman lair batos.

*D. S. Teoneow.*

## DJAGAD WANITA.

(Sesorahipoen Mejuffr. Gabriël wonten Konggrès P. W. K.)

*(Sambetipoen Sw. T. no. 14)*

4). Kabekta ing tata-tjara Djawi, itik$^{2}$ ora patoet. Tjobi koela atoeri ngèngeti. Jèn bangsa kita taksih kadoenoengan tata-tjara ingkang kedah kaitjalaken. Bab isinan, tjlingoes oepami: „arep ngono, ah mengko dirasani, mengko dipléroki, moeng ngono baé disendoe, dipojoki, digegoejoe, dièndjepi, ah tjekaké mengko di . . . . . di ah tjekaké mengko di . . . , boten wonten telasipoen. Lah poenika manawi dipoenraosaken, boten dipoenbéngkas temtoe damel rendeting tijang ingkang badé madjeng. Leres, tijang poenika kedah isin dateng ing prakawis ingkang ngawon-awoni.

IV. a. Kadjawi poenika waoe, koela oegi badé ngatoeraken poenapa ingkang kedah sami koela adjengaken?

1. Kawroeh nata balé grija. Poenapanipoen ingkang dipoentata?

a. bab administratie (bab oebeding arta). Manawi wanita baten saged njepeng arta, kados-poendi kadadosanipoen? Kados para sadèrèk sampoen boten kakilapan bab poenika. Kadjawi poenika oegi wonten ingkang kedah katata, inggih poenika.

b. grijanipoen, sagedipoen resep tiningalan, resik goemrining, pawonipoen, pakarangan lsp. Awit sinten kémawon ta jèn soemerep papan resik lan pranatanipoen radjin boten resep? Toer kanggéning kaséhatan (kasarasan) inggih migoenani sanget, nebihaken widjining sasakit warni-warni. Lha, sinten ingkang badé ngrigen-ngrigenaken prakawis waoe? Liripoen ingkang kénging kagarap baoe èstri? Rak inggih kita bangsa wanita.

c. Bab ngopèni baji. Kala djabang baji taksih wonten ing goewa garba, ing ngrikoe iboe sampoen tansah nggoela-wentah, ingkang poenika damel toelada ingkang saé inggih

## ISINIPOEN.

Kabar saking Betawi — Bajar koela soeda — La poenika adakanipoen koewalon poenika — Djagad wanita — Sekolahan — Ra'iat Indonésia lan Ékonomi — Ing sapoetjaking panggoeng Ékonomi — Palèstina dados rebatan — Wawasan boekoe — Goentingan pers — Kabar saking pakempalan — Ontjèn sekar gambir melati — Saking Djepang — Oerap-sari — Correspondentie.

## GOENTINGAN PERS.

*De kleine Inlander en de kleine Europeaan.*

Gandèng kalijan karsanipoen regeering badé njoeda blandjanipoen ambtenaar, *Het Nieuws* ngandaraken soeraosipoen makaten:

Blandja sangisoré f 50 bakal ora ditjowok. Déné sing blandjané imboeh standplaatstoelage jèn ditjowok tampané bandjoer koerang saka f 50, panjowoké bakal diarah soepaja wong maoe sasasiné tampa f 50.

Dadi regeering arep ngajomi Inlander golongan tjilik. Koewi bagoes banget. Nanging, jagéné regeering ora gelem ngajomi bangsa Éropah golongan tjilik? Pantjèna rak bakal loewih oetama, wong oeripé wong Éropah koewi loewih doewoer tinimbang Inlander.

Tjoba, iki tjontoné. Oepama ana klerk Inlander bajaré f 47,50. Dadi ora katoet ditjowok . . . . . Saiki djèdjèrané kono ana njonjah bangsa Éropah pametoené f 88, ngingoni anak teloe. Pametoening njonjah sing pantjèn wis ora tjoekoep iki, wiwit Djoeli disoeda 5 presèn, wiwit Djanoewari 10 presèn!

Blandja f 88 dipangan karo anak teloe koewi *kagawa enggoné dadi bangsa Éropah*, wis ora tjoekoep, ndadak arep ditjengklong. Balik si schrijvertje nadjan tampa f 47,50 maoe marga oeriping Inlander, isih bisa andjlagedag.

Volksraad koedoe ngoedi soepaja adja moeng de kleine Inlander waé sing diajomi. De kleine Europeanen oega koedoe diajomi.

Moelané rèhné „bajar-Inlander sangisoré f 50 ora disoeda, bajar-Éropah sangisoré f 100 ija adja ditjengklong . . . ."

Makaten tjarijosipoen *Het Nieuws*.

* * *

Koela alem Het Nieuws anggènipoen angoengsel-oengselaken golongan. Koela alem teroes ing manah. Lan, . . , koela inggih ngakeni betahing gesangipoen *merak-merak* klas Het Nieuws kaot tinimbang *prendjak-prendjak* bangsanipoen Prendjak Mataram. (— Nanging sanadjan kaota boten kok kesangeten anggènipoen ngaotaken kados tatanan B. B. L. samangké —).

Nanging, . . . . . klèntoe sanget manawi H. N. mastani Inlander bajar f 47,50 poenika sampoen tjekap; boten rekaos. Kalijan malih poenapa adil anggènipoen H. N. damel tjonto? Poenapa klerk waoe boten ngingoni anak bodjo? Saged oegi poen klerk waoe anakipoen malah menang katah tinimbang die Europeesche dame. Toer, schrijvertje waoe saged oegi inggih ngrembag premili. Awit, ingkang taksih toemindak doemoegi sapoenika, limrahipoen taksih katah sanget anak ingkang tjepeng damel angrembag gesanging premili. Mangka, tjara Éropah, manawi koela boten klèntoe, boten tjara wonten noenoet-noenoetan . . . .

Ning, inggih kilap ding manawi H. N. netepaken brajat Inlander bisa oerip nganggo doewit saketip sadina:

*Prendjak Mataram.*

**Tegenbericht:** Saking karsanipoen Radja Spanjol dèrèng njèlèhaken keprabon.

---

Béndjing tanggal 21, 22 Mèi ing ngadjeng poenika badé kawontenaken toelatingsexamen Normaalschool Ambarawa.

Laré ingkang nglebeti examen kedah dipoenbektani:

1. Soertipikat oetawi verklaring jèn badé tampi soertipikat klas V.
2. Serat rapport wiwit klas I doemoegi klas V.
3. Petoek loenasing padjegipoen tijang sepoeh.

Bajaran sekolahan pendak woelan f 2,50 oetawi langkoeng. Ingkang sagah mbajar langkoeng, dipoenpendet roemijin. Mekaten oegi ingkang sagah mbajar roemijin 25 — 50 roepijah, oegi badé dipoenpendet roemijin sarta badé kaparingan soedan wiwit klas II.

Salebetipoen toelatingsexamen boten dipoentjawisi teda wonten ing Normaalschool.

Directeur Normaalschool
Ambarawa.

*L. van Rijckevorsel.*

dines 10 taoen, ngaken jèn gadjihipoen sampoen vol, sapitoeroetipoen.

Wonten malih réka ingkang toemoedjoe dateng pangapoes, oepami njebrak dateng kantja-kantjanipoen, tjrijos namoeng kanggé sawatawis dinten toer ingkang dipoenkèngkèn ingkang rajinipoen, oetawi serat isi pangasih-asih.

Wonten malih ingkang njerati tijang sepoehipoen oetawi sanak-sadèrèkipoen mawi serat ingkang dakik-dakik. Nanging ing tengah-tengah sasampoenipoen adeg-adeg énggal, ladjeng gantos oekara: „Kadjawi saking poenika.......warni-warni isinipoen. Wonten ingkang tjrijos jèn nembé dipoen-inspectie, ladjeng manggih kalepatan. Nanging sagedipoen loewar saking kalepatan, jèn poeroen ngedjogi kas negari semanten atoes roepijah. Wonten ingkang tjrijos badé dipoen-gijzeling, margi gadah samboetan semanten atoes roepijah.

Taksih wonten malih toenggilipoen, gandèng kalijan toemoesing panggoela-wentah amargi saking risakipoen panggesangan. Wonten sawenèh ingkang mlebet ing padoesoenan, manggihi tijang soegih ingkang sakinten gadah momongan legan oetawi woedjoed randa. Ingrikoe nemboeng, jèn pijambakipoen taksih djaka, oetawi sampoen dados doeda, nanging doeda kembang. Rembag tjèpret dados, teroes nemboeng . . . . . . samboetan. Sareng dipoensoekani, pleng . . . . boten ketingal-ketingal boentoetipoen.

Soemangga para sadèrèk, poenika kadadosanipoen jèn panggesangan sampoen risak. Toemoesipoen dateng panggoela-wentah pantjèn awon sanget lan pinoedjoe damel ngeri dateng manah.

# TOEKOMST.


Sinten ingkang saged nekem laré, poenika sami kalijan sampoen ngregem djaman béndjing.

Mila mangga poetra, moerid pandjenengan koela atoeri moendoetaken

## HOEDYANA

Koran waosan laré medal sawoelan kaping kalih. awangoen boekoe.

*Regi:* f 0,50 ing dalem tigang woelan.

*Adrès:* Administratie Bloediran / Redaksi Poerwakinanti DJOKJA.


## ING SAPOETJAKING PANGGOENG EKONOMI.

### Obligatie, Aandeel.

*(ladjengipoen)*

Amrih saja terang anggèn koela matoer bab kawontenanipoen obligatie, aandeel lan dividend, mangga para maos, mirsanana tjoeplikan kabar ngandap poenika (mangké jèn sampoen ladjeng ngrembag beurs, vennootschap lss. kados ingkang sampoen koela semadosaken):

Obligatie, ingkang mawi tanggelan siti oetawi grija (onroerende goederen) nama: pandbrieven. Ing tanah Djawi ingkang ngedalaken pandbrieven: N. V. Javasche Hypotheekbank, Soerabaja, sareman 6%; à pengaos f 1000, lan f 500. Bank poenika inggih ngedalaken pandbrieven à f 1000 lan f 500 mawi sareman 5½%.

Obligatie limrah ingkang ngedalaken: N. V. Cultuur Maatschappij Juliana, sareman 6%; N. V. Cultuur Pasir Randoe: 6%; Het Christelijke Lyceum: 6%; Societeit Concordia, Bandoeng: 6% (à f 500) lan 7½% (à f 500 lan f 250); Hotel Hofmann 7½%; lan sanès-sanèsipoen malih taksih katah sanget: gemeente Soerabaja (5%), Betawi (5 lan 6%), Meestercornelis lan sapitoeroetipoen.

Bab obligatie tjekap semanten roemijin, margi ojodipoen taksih pandjang, mangké njandak hypotheek, loting lss.

Sapoenika dividend.

Taoen 1930 wonten dividend 35% saking N. V. Culuur Maatschappij Belire lan f 120 saben aandeel saking N. V. Droogdok-Maatschappij Tandjoeng Priok lan f 129,10 saben oprichtersbewijs (— aandeel) saking maskapé idem (mawi katerangaken koepon no. 40.)

Lan wonten slotdividend saking N. I. S.: 11% koepon no. 114 (interimdividend: 4%; dados sadaja: 15%).

Slotdividend saking Mij. ter Exploatatie van Rijstlanden op Java Michiels Arnold: 8%, koepon 54, lan wonten dividend toemrap preferente aandeelen saking O. J. S.: 5%, katjadong mawi koepon no. 12.

S. C. S.: 7%, toemrap aandeel limrah.

S. J. S.: 9%, toemrap idem.

S. D. S.: 9 pCt.

lan sanèsipoen katah malih. Dados njoemerepi tjoeplikan nginggil poenika sadaja kita saged njoendoekaken temboeng: slotdividend, preferente aandeelen, obligatie, pandbrieven kalijan kawontenan ingkang saweg kalampahan.

Lan bab beurs?

O, inggih, mèh kesoepèn: beurs poenika: papan sadé tinoembas ingkang katemtokaken ing negari, mila oegi asring kaseboet peken oetawi markt.

Bédanipoen beurs kalijan peken limrah poenika jèn beurs adat njadé barang namoeng woedjoed rembag lan njadé serat-serat ingkang aosipoen katah (obligatie, aandeel, pandbrief lss. tjekak: effecten).

Wonten ing beurs ingkang bakoe kapérang kalih: papan njadé barang (senadjan ta namoeng woedjoed ginem oetawi tjonto) lan papan njadé effecten.

Wonten negari Welandi beurs ingkang bakoe wonten ing Amsterdam Den Haag lan Rotterdam inggih wonten, nanging boten sapintena agengipoen.

Dagang wonten ing beurs ing Amsterdam boten sakadjeng-kadjengipoen, mawi kapernata déning pakempalan para kaoem dagang (effecten ing Amsterdam).

Beurs waoe inggih darbèkipoen para among dagang lan namoeng kénging kalebetan ing para warga (lan, oetawi wewakilipoen). Para warga beurs ingkang perloe kedah asok arta minangka tanggelan. Dados beurs Amsterdam waoe dédé gadahanipoen negari.

Kita-kita ngandap poenika sadaja dados doenoenging beurs: London, New York (Wall Street), Paris. Madrid, Betawi, Brussel, Berlin lss,

Dados temboeng beurs poenika leresipoen tjekakan: effecten beurs lan wonten ing temboeng mantja kaseboet: bourse (fr), Börse (d), market (e),

Ngrikoe tetéla wonten ing basa Inggris kaseboet market oetawi peken.

Jèn aandeel temboengipoen mantja: action (fr), aktie (d) lan share (e).

Aandeel miroenggan: preferent-aandeel (wal), action priviligée (fr), Prioritätsactie (d), preferred share (e).

Obligatie: obligation (fr), Schuldschein (d), bond (e); ngriki tetéla wonten basa Djerman loegoe kaseboet: petoek oetang oetawi Schuldschein.

Pandbrief: hypotèque (fr), Pfandbrief (d), mortgagebond (e).

Dividend: dividende (fr), Dividende (d), dividende (e).

Koers: cours (fr), Kurse (d) rate (e).

* * *

Rèhning bab vennootschap lan firma poenika sampoen naté koela andarakaken ing kala warti ngriki, milanipoen badé koela langkoengi kémawon. Sapoenika ningali periscoop, poenapa ingkang ketingal koemambang ing sagantening tijang sadé-tinoembas:

Tjobi mangga dateng Amérika sekedap, ningali oebedipoen sedèrèk Néger ing rika kados-poendi (U.S.A.).

Kados déné ing ngriki, tanah Djawi, ada toko-nasijonal saja ngrebda, malah Bintang Timoer saged nglijer koran Welandi De Volkscourant ing Weltevreden, makaten oegi kantja Tjemeng ing U. S. A. inggih mempeng, toko Néger ingkang masoek dados warga poesara-panggaotan-Néger U.S.A. sampoen wonten 253 toko!

Toko semanten waoe ing Tulsa 32, ing Dallas 25, ing Manhattan 25, Omaha 10 lan sapitoeroetipoen.

Poesaraning para dagang (Néger) waoe saweg madeg kala 3 taoen kapengker wonten ing Montgomery, staat. Alabama, U. S. A., kanamakaken Colored Merchants' Association, tjekakanipoen C. M. A., déné ingkang ngedegaken National Negro Bussiness League, oetawi pakempalaning para manggaotan bangsa Néger ing U. S. A.

Jèn nitik saweg oemoer 3 taoen sampoen saged gadah warga toko 253 poenika tanda jèn kantja Néger ing ngrika nggrengsengipoen ngojakboga saèstoe. Contributienipoen saben toko 5 dollar ing sawoelan.

Déné ingkang dados pramoegarinipoen bebadan waoe nama Albon Lewis Holsay, secretarising N. N. B. L. (National Negro Bussiness League). Nanging kala Mei C.M.A. sampoen kempalan lan ngangkah damel bestuur pijambak, boten poeroen dipoeniras déning bestuur N. N. B. L.

A. L. Holsay waoe temtoe kémawon inggih bangsa Néger, karanganipoen wonten koran inggih peng-pengan lan ngiras dados pembantoenipoen American Mercury (oepami tjara ngriki: de Indische Mercuur, kala warti ingkang mligi ngrembag panggaotan lan padagangan) toemrap babagan panggaotanipoen kantja Néger.

Wonten ing Time taksih mawi dipoenèmbèl-èmbèli makaten: when not at work, he likes dancing, theatres; jèn boten njamboet damel senengipoen dansah lan dateng schouwburg!

Èmbèl-èmbèlan mekaten poenika njata typisch Amerikaansch.

* * *

Sambet bab wontenipoen N. N. B. L. lan C. M. A. ing U. S. A. waoe pitakèn koela: bésoek apa Hartadaja bisa gedé, nganti P.K.W. doewé anak P. D. K. alijas Poesara Dagang Katoelik?

Boten lija, insja'allah, moegi énggal kaboela!!

ANDAJA.

# ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

## JOURNALISTIEK.

Nembé poenika wonten pawartos, sakolahan loehoer ing Leiden béndjing akiripoen taoen 1931 badé dipoenwonteni woelangan Journalistiek. Ingkang tjalon dados goeroenipoen t. *A. J. Lievegoed* ingkang roemijin dados Hoofdredacteur *Locomotief* ing Semarang, sarta sapoenika dados redaktoer *Rotterdamsche Courant* babagan prakawis-prakawis ingkang anggepok tanah djadjahan.

Lalampahan ing nginggil pantes sanget dipoenpèngeti wonten djagad journalistiek.

Barisan journalist mireng pawartos poenika saklangkoeng ageng manahipoen. Saking bingahipoen bokmanawi ladjeng moengel. „Kapan ing Indonesia ana koersoes mangkono ikoe.... Apa koersoes journalistiek doewèké journalist Tabrani bisa ngelar djadjahan menjang ngendi-endi?"

Djer temenipoen, journalisten Indonesiër ing wekdal sapoenika, katah ingkang namoeng wedalan pamoelangan andap. Katah ingkang namoeng waton bisa ngiket oekara angetrapaké gagasané ana ing koran.

Koela matoer makaten, dados inggih kalebet oegi Patjar Mérahipoen Swara-Tama ingkang saben-saben ngonggrèh-onggrèh gagasanipoen para maos Sw. T. Ingkang saben² anggoebah ontjèn sekar gambir melati. Ingkang sadjatosipoen saben-saben tansah roemaos boten ketjonggah keklabak wonten pabarataning serat kabar. Ingkang saben-saben boten djendjem wonten kalangan journalistiek,...... déning angèngeti anggènipoen namoeng weton sekolahan godong gedang. Ingkang toena doengkapipoen malah andajani asoring daradjadipoen Sw. T. déning kalebetan toekang koran ingkang boten moempoeni ing kawroeh.

Amila, rinten daloe tansah angadjeng-adjeng datengipoen gégémbong Katholiek Djawi ingkang langkoeng kandel pandemènipoen, ingkang poeroen amolahaken pènipoen kanggé andjoendjoeng dradjadipoen S.Tm. Sadèrèk Kath. Djawi ingkang makaten waoe, sanget koela adjeng adjeng sageda loemebet wonten kalangan redaksi toemoet angoesiri serat kabar kita. Manawi sampoen wonten journalist Katholiek ingkang bevoegd makaten poenika waoe, saboten-botenipoen mesti andajani ageng dateng pers kita.

Nanging sadèrèk, sanadjan makatena, Patjar Mérah inggih angadjeng-adjeng moegi djoemedoeling pawartos badé wontenipoen vak journalistiek ing pamoelangan loehoer Leiden waoe andajanana dateng journalist - journalist Indonesiër ing sapoenika sageda sami sengkoet angindakaken seserepanipoen ing babagan warni-warni.

Awit sinten kémawon boten badé anjélaki bilih *katahing isi, kandeling dadasar* mekaten andjalari saja teteg anggènipoen amentjakaken kalamipoen, wonten ing serat kabar.

Ing mangka tjaraning sinaoe ing pamoelangan inggil makaten, sasat boten béda kalijan *zelfstudie*. Lan, zelfstudie makaten saged katindakaken ing saben tijang ingkang anggadahi santosaning karep.

Patjar Mérah inggih mangertos bilih ing salebeting kalangan journalistiek wonten een K. Wybrands, een Parada Harahap lan een Zentgraaff, ingkang namoeng wedalan pamoelangan andap éwadéné karang-karanganipoen sanget ingaosan ing tijang. Koela mangertos oegi ing Mataram wonten een Brotokesowo ingkang saged angadjengaken Sedya-Tama ngantos dados Sedya-Tama kalijan Aksi.

Lan, minangka titimbanganipoen, koela inggih mangertos bilih ing Deli wonten *Pewarta Deli* ingkang ingembanan journalist misoewoer, Adinegara, ingkang inggil seserepanipoen,.... éwadéné boten saged damel komboelipoen Pewarta Deli.

Éwadéné sadèrèk wonten prakawis ingkang boten kénging pandjenengan sélaki i. p. kanggé andjoendjoeng daradjading pers kita, kita kedah jasa journalist-journalist Katholiek Djawi ingkang peng-pengan.

Mangga dipoenpanggalih!

Kumuningsaselé 12 April '31.

Taklim: *Patjar Mérah*.


## DJAMAN NATIONAL.

Djaman goemarégahing raos kabangsan. Djaman nresnani, ngadjengaken dadamelaning bangsa lan golongan.

Mila mangga koela atoeri ambijantoe sekolahan

„TJRIJASA"

sarana moendoet potrètipoen swargi

**Rama van Lith.**

dateng P. P. K. D. Madijoen. **Regi namoeng f 1.—**

Adrès: **M. Ajik,** goeroe **Normaalschool Madioen.**


## CORRESPONDENTIE.

*Bestuur P. G. H. B. afd. Pekalongan;* kita sampoen tampi „motie"nipoen P. G. H. B. afd. Pekalongan. Noewoen. Nanging sampoen dados panggalih, kita kapeksa njekak pekabaran poenika, kados ingkang kapatjak wonten ing „Kabar Oemoem Indonesia" ing Sw. Tm. nomer poenika; amargi saking katahing motie-motie ingkang soeraosipoen mèmper kados makaten.

*Red.*

Ing kamar patileman wontenipoen namoeng ambèn tosan, tanpa lemantoen. Sandangan sami katjantèlaken wonten ing gedèk oetawi kasimpen wonten ing koper.

Manawi badé adoes, ladjeng manoet tjara Djepang sami dateng grija padoesan, ing ngrikoe wonten kraan (oeliran) sawatawis. Adoesipoen sareng. Roemijinipoen badanipoen dipoentelesi mawi toja ingkang wonten ing djembangan kadjeng, ladjeng moloe oetawi njadasa sami njemploeng ing bloembangan ingkang sampoen dipoenisèni toja bentèr. Grija padoesan waoe saénipoen boten ngoengkoeli papan ingkang kanggé asah-asah ing tanah Éropah gadahanipoen tijang ingkang namoeng nama tjekap. Kamar neda oegi pasadja. Ingkang kanggé linggih dingklik tanpa mawi séndéan, médjanipoen njawo mateng, boten mawi taplak. Kadoegi satengah djam sadèrèngipoen sami neda, koela soemerep ing panggénanipoen satoenggal-toenggaling laré piring satoenggal kasoekanan oelam loh ing satjekapipoen, ing sandingipoen ngrikoe wakoel kadjeng isi sekoel ingkang taksih koemeboel, ladjeng wonten tjawan isi bangsa pedes-pedes sarta kan tembagi isi wédang tèh. Ing ngrikoe oegi wonten goeroe ingkang toemoet neda, nanging pantjinipoen inggih boten béda kalijan moerid-moerid. Neda kintoenan tetedan saking sadjawinipoen ngrikoe dipoenawisi sanget. Ing patamananing pamoelangan wonten grijanipoen tijang sadé wédang tèh lan ombèn-ombèn sanèsipoen ingkang boten mawi alcohol, roti petak lan soklat. Ing wantji ingkang sampoen katemtokaken moerid-moerid kénging mrikoe ngebon, pendak woelan kedah kabajar. Saben dinten wiwit djam 3 sijang doemoegi sonten djam 8 sami kénging dolan-dolan medal perloe tetoewi oetawi ngrembag prakawis poenapa-poenapa, nanging kedah mbekta serat tandaning palilah, serat waoe kedah dipoentanda-astani déning tijang ingkang dipoentoewèni.

Ing afdeelingipoen laré èstri moerid-moerid djam kalih welas sami mbikaki ténongan wadah tetedan anggènipoen mbekta saking grija sarta tjangkir inggih anggènipoen mbekta pijambak kapoerih ngisèni wédang tèh déning réntjang-réntjang pamoelangan. Anggènipoen sami neda waoe inggih wonten salebeting pamoelangan. Bakda neda ladjeng sami ngaso sa-djam wonten ing patamanan oetawi jèn noedjoe djawah lan sasaminipoen wonten ing kamar gymnastiek.

Ing grija padoenoenganing para moerid poenapa déné ing kamar-kamar sakit ingkang andjagi tijang djaler; kadjawi poenika ing ngrikoe wonten kamar satoenggal kanggé goeroe ingkang angsal giliran andjagi tata-tentremipoen ngrikoe sijang daloe. Kados ingkang sampoen koela tjrijosaken ing nginggil, sadaja sami pasadja, dalasan kamar ingkang kanggé pahargjan inggih pasadja, kados déné manawi noedjoe wekasaning taoen ing afdeelingipoen laré èstri dipoenrawoehi Sang Pramèswari lan ing afdeelingipoen laré djaler karawoehan Sang Keizer. Ing ngrikoe boten dipoensoekani gendéra oetawi sesekaran. Sang Keizer lenggah ing kathéder (koersi palenggahaning goeroe), midangetaken rerepèn nationaal, mantoek-mantoek tanda rena ing panggalih, ladjeng kondoer.

Panggoela-wentah dateng gesang ingkang pasadja, sanget dipoenperlokaken kados ingkang sampoen koela tjarijosaken ing nginggil. Makaten oegi ngitjali ingkang ngelet-eleti darah kalijan dédé darah inggih kaperlokaken sanget. Sanadjan pamoelanganipoen para loehoer waoe ingkang jasa inggih para loehoer, éwasamanten ingkang kapareng sinaoe ing ngrikoe boten ngemoengaken poetraning para loehoer tok. Ing afdeeling-ipoen laré djaler lan laré èstri ing saben-saben pangkat apes sapratiganing moerid temtoe boten golongan poetraning para loehoer, toer ingkang dédé darah waoe boten masti anakipoen tijang soegih. Jèn badé loemebet ing pamoelangan ngrikoe sadaja kémawon kedah mawi dipoenèksamen, boten wonten ingkang dipoenbédakaken, makaten oegi pambajaripoen inggih kadamel sami. Menggah ing kekantjan inggih boten ambédak-bédakaken poenapa darah poenapa dédé, satoenggal ngoendang satoenggalipoen mawi namanipoen permili (familienaam), namoeng poetranipoen Sang Keizer tok ingkang angsal seseboetan Pangéran. Para poetra-poetranipoen Sang Keizer kakoeng poetri teroesan kasinaokaken ing pamoelanganipoen para loehoer waoe, dados boten tampi piwoelang roemijin wonten ing kedaton, dalasan ingkang tjalon Pangéran Adipati inggih makaten oegi. Para poetranipoen Sang Keizer wonten ing pamoelangan lenggahipoen sami wonten ing wingking, angsal dalem pijambak, nanging médja koersi oetawi dedaharan pasadja, boten wonten bédanipoen kalijan kantja sakolah sanèsipoen. Wondéné para poetri lenggahipoen wonten ing pamoelangan boten kapijambakaken, sarta kedah sinaoe dondom-dondom damel sandangan tjara Djepang lan tjara Éropah, poenapa malih otjal-otjal inggih tjara Djepang lan Éropah kados laré èstri sanès-sanèsipoen. Malah para poetri waoe inggih angsal giliran njapoe lan ngeboet-ngeboeti kamar pamoelangan, amargi saben dinten kedah dipoensaponi, namoeng tjendéla-tjendéla poenika dados bebahanipoen réntjang.

*Badé kasambet.*

